



NON KONPLÈ BIZNIS
LIY ADRÈS 1 INITE
VIL ETA KÒD POSTAL

AVI: Mizajou Enpòtan sou Taks Biznis Filadèlfi

[DAT]

Chè Pwopriyetè Biznis Filadèlfi,
Nou espere mesaj sa a jwenn ou byen. Nou kontakte w' pou ba ou enfòmasyon enpòtan konsènan chanjman ki fèt nan **Taks sou Revni ak Resi Biznis (BIRT)** epi **Taks sou Itilizasyon ak Okipasyon (U&O)** sa ki ka gen enpak sou obligasyon taks ou nan Filadèlfi pou ane 2025 la.

Yo te fè chanjman sa yo kòm repons a yon defi legal konsènan règleman taks biznis nou yo. Nou ankouraje tout biznis yo pou yo pwofite resous Vil la ki fèt pou sipòte w' pandan tranzisyon sa a ak apre. Pou plis enfòmasyon, vizite **phila.gov/commerce**.

Ki sa k'ap chanje?

1. **Eliminasyon Egzansyon BIRT:** Apati ane fiskal 2025 la, yo pral retire egzansyon BIRT \$100,000 a. Kounye a, tout biznis yo oblije depoze yon deklarasyon taks anyèl pou Vil Filadèlfi anvan 15 avril 2026, menm si revni brit yo anba \$100,000.
2. **Retire Egzansyon U&O a:** Taks **anyèl Itilizasyon ak Okipasyon** Egzansyon (U&O) \$2,000 a pral elimine tou apati 2026. Premye peman taks U&O san egzansyon sa a ap dwe fèt nan dat 25 janvyè 2026, epi peman ki vin apre yo ap dwe fèt nan dat 25 chak mwa.

Kisa sa vle di pou ou

- Tout biznis dwe depoze yon deklarasyon BIRT chak ane, kèlkeswa salè yo.
- Biznis ki te deja egzante de ranpli BIRT yo ka kounye a gen dèt ak obligasyon fiskal. Si ou posede yon pwopriyete komèsyal oswa endistriyèl nan Filadèlfi, fèy travay taks U&O mansyèl ou a ap reflekte yon montan "taks maksimòm" revize apati janvyè 2026.



CITY OF PHILADELPHIA
DEPARTMENT OF REVENUE

Sa ou ta dwe fè

- **Planifye Davans:** Kòmanse prepare pou potansyèl responsablite taks BIRT ak U&O ki dwe rive ane pwochèn. Si sa aplikab, kreye nouvo kont jan sa nesesè (pa egzanp, yon kont BIRT si ou te sèlman gen yon kont Taks sou Pwofi Nèt anvan).
- **Enskri sou Entènèt:** Kreye yon non itilizatè ak yon modpas nan Sant Taks Filadèlfi a si ou poko fè sa.
- **Kenbe Dosye yo:** Kenbe dosye konplè sou aktivite biznis ou yo, sitou si w'ap opere ni andedan ni deyò Filadèlfi.
-
- **Chèche Konsèy Pwofesyonèl:** Konsilte yon pwofesyonèl nan domèn taks oswa yon konseye finansye pou konprann kijan chanjman sa yo ka afekte biznis ou. Si ou pa ap travay avèk yon pwofesyonèl kounye a, konsidere sèvi ak sèvis preparasyon taks gratis Vil la nan **phila.gov/businessstaxprep**.
- **Rete Enfòm:** Enskri pou bilten nou an pou resevwa dènye enfòmasyon yo dirèkteman nan bwat resepsyon ou a lè w' eskane kòd QR la oubyen lè ou vizite:



<https://lp.constantcontactpages.com/sl/dlCFCbS>

Règleman Kontinyèl

Tipikman, yo mande yon peman estime 100 pousan lè w'ap depoze deklarasyon ane apre a. Sepandan,  is ki pa t' oblije depoze yon deklarasyon BIRT nan twa dènye ane yo (2022, 2023, ak 2024) p'ap bezwen fè yon peman estimatif lè y'ap depoze deklarasyon yo an 2026.

Filadèlfi ofri tou yon kredi NPT 60 pousan ki baze sou pòsyon revni nèt BIRT ou a. Kredi sa a ap parèt otomatikman sou deklarasyon taks sou pwofi nèt ou a si ou ranpli sou entènèt atravè **Sant Taks Filadèlfi (tax-services.phila.gov)**. Pandan ke responsablite BIRT ou ka ogmante, yo prevwa responsablite NPT ou a ap diminye.

Finalman, Vil la pèmèt itilizasyon "Pèt ki Ranpòte Pi Devan", ki pèmèt ou dedwi pèt biznis ou te fè apati Ane Fiskal 2022 a pou yon maksimòm 20 ane. Si ou pa t' depoze deklarasyon anvan oswa ou pa t' soumèt yon fòm Pa gen Responsablite Taks, w'ap bezwen soumèt deklarasyon modifiye pou anrejistre pèt la. Deklarasyon ane anvan yo disponib nan Sant Taks Filadèlfi a; sepandan, nou ankouraje w' pou ou konsilte avèk yon pwofesyonèl taks anvan w' modifiye deklarasyon anvan yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite blog nou an nan **bit.ly/2025TaxChanges**. Ou ka wè epi telechaje lèt sa a tradui nan plizyè lang nan phila.gov/revenue/BIRT.

(215) 686-6600 | phila.gov/revenue/BIRT

Servicios de traducción en español | Serviços de tradução em português | Services de traduction en français
Servizi di traduzione in Italiano | Dịch vụ dịch thuật bằng tiếng Việt | 普通話翻譯服務 | 가능한 번역 서비스
переводческие услуги на русском языке | خدمات الترجمة باللغة الإسبانية